



Pou Piblikasyon Imedya: 29/11/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE 46.5 MILYON DOLA NAN FON ENVESTISMAN LONG ISLAND LAN POU SIPÒTE TWA PWOJÈ REJYONAL TRANSFÒMATÈ

Yo te bay 56.5 milyon dola atravè fon investisman Long Island jiskaprezan

Investisman yo nan Eta a jenere 122 milyon dola nan fòmasyon mendèv ak avansman teknolojik

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a [Fon Investisman Long Island](#) (Long Island Investment Fund) 350 milyon dola a te bay twa pwochen sibvansyon li yo ki totalize 46.5 milyon dola: 30 milyon dola pou Farmingdale State College (Fakilte Eta Farmingdale) pou konstwi yon Sant pou Syans Enfòmasyon ak Teknoloji Enfòmasyon, 10 milyon dola pou Long Island University (Inivèsite Long Island) pou konstwi yon etablisman Rechèch Aplike ak Inovasyon pou Fakilte Syans, ak 6.5 milyon dola pou Stony Brook University (Inivèsite Stony Brook) pou konstwi yon nouvo Baz Tès Entènèt Kantik (Quantum Internet Test Bed). Gouvènè a te anonse tou nouvo Sant pou Syans Enfòmasyon ak Teknoloji Enfòmasyon nan Farmingdale State College la pral finanse totalman pa Eta a epi li pral itilize 45 milyon dola nan Fon Konstriksyon State University of New York (Inivèsite Eta New York, SUNY) pou pwojè a anplis 30 milyon dola ki soti nan LIIF. Avèk pwojè sa yo, Fon Envestisman Long Island la te investi 56.5 milyon dola, li te ogmante yon lòt 122 milyon dola nan lajan piblik ak prive, pou ede ankouraje kwasans ekonomik nan Long Island, epi li pral kreye plizyè santèn nouvo djòb nan Long Island epi sipòte edikasyon ak fòmasyon plizyè milye moun. Anons jodi a montre plis angajman Gouvènè Hochul pran anvè avni rejyon an lè li konstwi enfrastrikti fondasyon ki nesèsè pou sipòte mendèv ki gen talan nan Long Island epi kontinye estati li kòm yon sant teknoloji ak inovasyon.

"Atravè Fon Envestisman Long Island nan, administrasyon mwen an pran angajman pou fè Long Island tounen premye koridò nasyon nou an pou syans lavi ak inovasyon nan rechèch", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Prim yo anonse jodi a pral ede kreye djòb nan sektè dènye kri yo, ranfòse fòmasyon mendèv yo, epi sipòte inovasyon prensipal nan nasyon an isit la nan New York. Pandan n ap atire epi kenbe pi gwo talan atravè envestisman nou yo nan enstalasyon rechèch ak enfrastrikti dènye kri yo, Long Island se kote yo imajine lavni".

Enkli kòm yon pati nan Bidjè Gouvènè Hochul pou Ane Fiskal 2023, Fon Investisman Long Island la pral konsantre sou pwojè ki pral sipòte epi devlope ekonomi rejyonal la, amelyore kominote yo, epi ki gen enpak ekonomik dirab atravè Long Island. Fon Investisman Long Island lan te bay premye sibvansyon [10 milyon dola li pou Enstiti Feinstein pou Rechèch Medikal](#) (The Feinstein Institute for Medical Research) pou konstwi nouvo laboratwa dènye kri pou sipòte rechèch medikal ak maladi kontajye. Jiskaprezan, fon an te atribye 56.5 milyon dola nan pwojè ki pral sipòte pwojè transfòmasyon yo pou ranfòse ekonomi Long Island lan.

Prezidan, Direktè Egzekitif Jeneral ak Komisè Empire State Development lan, Hope Knight, te deklare, "Dènye pwojè Fon Investisman Long Island nan demontre potansyèl pou djòb transfòmasyon, pi wo nivo edikasyon ak kwasans endistri a nan tout rejyon an. Investi nan devlopman mendèv epi fè patenarya ak enstitisyon edikasyon siperyè Long Island yo pral ede kreye yon rezèv talan nan teknoloji ki pral benefisye endistri yo nan youn nan premye sant syans lavi Eta New York yo".

Prezidan Konsèy Empire State Development lan, Kevin Law, te deklare, "Long Island abrite enstitisyon pyonyè ki katalize teknoloji inovatè ak ranfòse mendèv rejyon an. Anons jodi a pral sipòte inisyativ pou amelyore teknoloji kominikasyon epi ede pi gwo lekòl yo nan rejyon an fòme talan pou karyè nan endistri teknoloji k ap grandi yo, finalman kreye djòb ki byen peye pandan y ap satisfè demann biznis la".

Ko-prezidan Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyonal Long Island (Long Island Regional Economic Development Council, LIREDC) lan, Linda Army, Direktè Estrateji ak Maketing Egzekitif nan Bethpage Federal Credit Union te deklare, "Avèk dènye prim sa yo, Fon Investisman Long Island lan ap ranfòse ekonomi inovasyon rejyon an lè li chita ak ranfòse resous edikasyon ak teknoloji nou ki deja eksepsyonèl. Patenarya estratejik LIIF sa yo ap travay pou kreye djòb ak opòtinite, jodi ak pou avni Long Island".

Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral Long Island Association, Matt Cohen, te deklare, "Inovasyon pral fè ekonomi nou an avanse epi investisman sa yo nan enstalasyon gwo teknoloji yo pral solidifye rejyon Long Island kòm yon sant pou dekouvèt syantifik ak kreyasyon djòb. Mwen bat bravo pou enterè Gouvènè a sou resous rechèch rejyon nou an".

Farmingdale State College - Sant pou Syans Enfòmasyon ak Teknoloji Enfòmasyon
Farmingdale State College, ki resewa 30 milyon dola nan men LIIF, pral konstwi yon Sant pou Syans Enfòmasyon ak Teknoloji Enfòmasyon 75 milyon dola, 40,000 pye kare sou kanpis li a, epi tou li ap mobilize 45 milyon dola nan Fon Konstriksyon SUNY. Nouvo bilding lan pral loje sèt pwogram ki fòme Divizyon Enfòmasyon akademik la ansanm ak salklas modènize, yon espas pou angajman elèv ak laboratwa inovasyon. Li pral gen ladan tou espas pou angajman biznis rejyonal yo, pou fòmasyon mendèv IT (teknoloji enfòmasyon) pou òganizasyon san bi likratif Long Island yo pou fòme moun ki nan chomaj ak sila yo ki pa gen bon travay. Chak espas pral ekipe ak dènye teknoloji kolaborasyon dijital ki fèt pou ankouraje kreyativite epi

pou bay elèv yo ak pwopriyetè biznis lokal yo opòtinite pou yo reyini ansanm pou yo inovè ak pataje lide.

Aktivite edikasyon ak fòmasyon sa yo pral pwodui yon nouvo jenerasyon anplwaye ki pare pou travay dirab ki byen peye, k ap sipòte kwasans rejyon an ak mendèv eta a alavni.

Long Island University - Rechèch Aplike ak Inovasyon pou Fakilte Syans

Long Island University, ki te resevwa 10 milyon dola nan men LIIF, pral konstwi yon nouvo etablisman Rechèch Aplike ak Inovasyon pou Fakilte Syans 40 milyon dola sou kanpis LIU Post nan Brookville. Fakilte Syans 40,000 pye kare a pral loje nouvo pwogram nan domèn dènnye kri tankou entelijans atifisyèl, jeni dijital, ak dekouvèt ak pwodiksyon medikaman. Nouvo bilding lan pral sipòte tou rechèch inogirasyon syans lavi yo epi li pral gen ladan espas enkibatè ak akseleratè pou loje biznis teknoloji ki demaraj ki pral komèsyalize inovasyon ak dekouvèt ki te pwodwi nan bilding nan, ansanm ak pwofite rechèch nan Lekòl Famasi ak Medsin Veterinè LIU a.

Endistri syans lavi yo te vin tounen yon motè kwasans pisan pou Eta New York, ki fè rejyon kle nan eta a vin sant syans lavi dinamik ki gen ladan òganizasyon ak enstitisyon ki dedye a divès etap rechèch, devlopman, transfè teknoloji ak komèsyalizasyon. Nouvo etablisman LIU a pral sipòte kwasans ekonomik nan rejyon an, kreye djòb, kontribye nan rechèch ak devlopman nouvo entèkansyon syantifik ak medikal, ak akselere ekonomi syans lavi k ap grandi nan Long Island epi atire investisman sektè prive nan sektè endistri biyoteknoloji dènnye kri.

Stony Brook University, Baz Tès Entènèt Kantik Long Island

Stony Brook University ki te resevwa 6.5 milyon dola nan men LIIF, an kolaborasyon avèk Brookhaven National Labs (Laboratwa Nasyonal Brookhaven), pral konstwi yon nouvo Baz Tès Entènèt Kantik 13 milyon dola. Baz Tès Entènèt Kantik Long Island lan pral yon rezo senk ne ki konekte fizikman gras ak fib optik ki disponib pou komès. Baz Tès Entènèt Kantik Long Island lan pral resevwa sipèvizyon Sant Entènèt Kantik Long Island lan, ki sitiye nan Stony Brook University epi nan patenarya ak Brookhaven National Laboratory. Sant lan pral katalize nouvo teknoloji pou akselere fonksyonalite entènèt jodi a, pou amelyore sekirite kominikasyon nou yo, epi pou pèmèt pwogrè radikal nan enfòmasyon.

Sant lan ap grandi pou l enkli lòt patnè inivèsite, laboratwa ak endistri Eta New York ak ekip rechèch ki dedye pou envestige ak egzekite nouvo aplikasyon teknoloji kantik nan kontèks telekominikasyon ak entènèt. Pwojè a pral etabli Long Island kòm yon sant mondyal devlopman teknoloji entènèt kantik epi reyini chèchè, edikatè, investisè nan yon efò kolaborasyon pou akselere komèsyalizasyon teknoloji entènèt kantik.

Senatè Eta Anna M. Kaplan, te deklare, "Gras a investisman entelijan Eta New York an patenarya ak sektè prive a, endistri rechèch syantifik Long Island lan ap grandi ak pwospere, pote gwo djòb nan kominote nou a, epi mennen inovasyon ki pral fè mond nou an vin yon pi bon kote. Mwen te goumen pou Fon Envestisman Long Island lan

enkli nan bidjè eta ane sa a paske nou bezwen kontinye fè investisman entelijan nan kominote nou an ki bati sou anpil fòs nou yo epi ki fè rejyon nou an pi atiran pou investisè prive ak kreyatè djòb yo pou yo enstale yo epi elaji operasyon yo lokalman. Mwen kontan dèske, gras ak fon sa a, enstitisyon edikasyon siperyè klas mondyal nou yo pral kapab envesti nan nouvo enstalasyon ki pral pouse limit dekouvèt syantifik yo, epi asire rejyon nou an rete konpetitif pou jenerasyon k ap vini yo".

Egzekitif Konte Nassau a Bruce Blakeman te deklare, "Mwen kontan pou m mete ansanm ak Gouvènè Hochul nan pwogram sa a ki pral benefisye ekonomi Konte Nassau ak tout rejyon Long Island lan. Patenarya avèk inivèsite nou yo se youn ke nou dwe kontinye nourri ak sipòte epi mwen felisite Gouvènè a pou angajman li".

Chèf Egzekitif Konte Suffolk, Steve Bellone, te deklare, "Gouvènè Kathy Hochul te ede poze fondasyon pou kwasans fòmèdab nan syans lavi yo nan Long Island ak vizyon li ak angajman li pou l envesti nan rejyon an. Gras a Fon Investisman Long Island Gouvènè a, pwojè transfòmasyon yo enpòtan pou siksè ekonomik kontinyèl nou k ap vanse epi amelyore yon ekosistèm inovasyon ke enstitisyon rechèch ak inivèsite nou yo alimante".

Kimberly R. Cline, ki se Prezidan Long Island University, te deklare, "Investisman transfòmasyon sa a ap kontinye amelyore pwofil LIU kòm yon enstitisyon rechèch nasyonal lidè epi li sipòte efò Gouvènè Hochul pou konstwi koridò rechèch Long Island lan. Avèk sipò Eta New York, Carnegie Classification te rekonèt LIU kòm yon inivèsite ki gen anpil aktivite rechèch, yon deziyasyon ke sèlman 7 pousan nan inivèsite nan tout peyi a atenn. Nouvo Etablisman Rechèch Aplike ak Inovasyon pou Fakilte Syans nou an pral pwofite fòs LIU nan syans lavi ak patenarya mondyal pou inove nouvo dekouvèt syantifik ak medikal yo".

Prezidan State University of New York Farmingdale, John Nader, te deklare, "Gras a Gouvènè Hochul, Empire State Development Corporation, LIREDC, ak State University of New York, vizyon lontan Farmingdale pou yon investisman transfòmasyon nan avni dijital Long Island pral tounen yon reyalite. Sa a se pi plis pase yon pwojè konstriksyon. Sant pou Syans Enfòmasyon ak Sistèm Teknoloji Enfòmasyon yo pral sèvi bezwen mendèv gwo teknoloji Long Island pou plizyè ane k ap vini yo".

Prezidan Stony Brook University, Maurie McInnis, te deklare, "Kòm yon enstitisyon prensipal, nou rekonèt konstriksyon Entènèt Kantik pami fwontyè teknolojik ki pi enpòtan nan epòk nou an. Stony Brook University ak Brookhaven National Laboratory se lidè yo rekonèt entènasyonalman nan domèn sa a, avèk vizyon ak ekspètiz syantifik pou asire ke Eta New York nan avangad travay sa a. Nou rekonesan anvè Gouvènè Hochul ak Eta New York pou investisman transfòmasyon sa a ki pral pèmèt Long Island vin episant lavni rezo kantik, ki finalman estimile ekonomi an ak kreye djòb".

Direktè Brookhaven National Laboratory, Doon Gibbs, te deklare, "Konstwi yon rezo kominikasyon mondyal konplè ki baze sou kantik - yon Entènèt Kantik - gen potansyèl pou l pami pwogrè teknolojik ki pi enpòtan ak transfòmasyon nan 21yèm syèk

la. Prim finansman sa a ki soti nan Fon Envestisman Long Island Eta New York la pral ede Brookhaven Lab ak Stony Brook University founi zouti ak kapasite chèchè yo bezwen pou fè rezo distribisyon entrikasyon kantik a gran echèl la tounen yon reyalite".

###

Lèt nou vèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418